

Kijan pou itilize ponp ki mezire dòz ki gen yon Chanm retantasyon valv (Valved Holding Chamber , VHC) (separatè) ak yon Mask


Prepare yon ponp tou nèf: Anvan w itilize li pou premye fwa, si ou pa itilize li pou plis pase 7 jou, oswa li te tonbe.



1. Souke ponp lan pandan 10 segonn.



2. Retire bouchon an sou ponp lan. Asire w bouch la ak chanm retantasyon valv yo pwòp epi pa gen anyen andedan bouch la.



3. Mete Bouch ponp lan nan pwent chanm nan/separatè a. Mete mask sou chanm lan si li pa deja tache ladan.



4. Mete mask la sou nen ak bouch moun nan pandan w ap mete l byen sere.



5. Peze ponp lan desann yon fwa.



6. Kenbe mask la sou figi moun nan, pandan l ap respire pandan 6 fwa jan li abitye respire.

Si ou bezwen yon lòt boufe medikaman, tann yon minit epi repete etap 4 jiska 6 la.



7. Rense l avèk dlo epi jete l. Siye figi w ak twal mouye.

Bon teknik pou respire enpòtan lè w ap pran medikaman (yo) pou opresyon w epi kontwòle respirasyon w. Asire w ou pote tout medikaman ak aparèy ou yo nan chak vizit ak founisè swen prensipal ou oswa famasyen w pou w tcheke si w itilize yo kòrèkteman, oswa si w gen pwoblèm pou itilize yo.

Pou plis videyo, feyè, leson patikilye ak resous, vizite [Lung.org](https://www.lung.org).

Eskane Kòd QR la pou jwenn aksè nan Videyo Kijan Pou Fè Yo



Ou kapab konekte tou ak yon terapèst respiratwa pou sipò gratis endividyèl nan Liy Èd pou Poumon American Lung Association nan **1-800-LUNGUSA.**